



Pou Piblikasyon Imedya: 22/09/2021

GOUVÈNÈ KATHY HOCHUL

GOUVÈNÈ HOCHUL ANONSE AKÒ AVÈK CSEA AK PEF POU BAY JISKA 2.5 FWA LÈ SIPLEMANTÈ POU ENFIMYÈ AK LÒT PWOFEYONÈL SWEN SANTE ENPÒTAN AK ANPLWAYE LOPITAL YO NAN LOPITAL SUNY YO

Pwogram pilòt nan SUNY Downstate Health & Sciences, Stony Brook University Hospital ak Upstate University Hospital pral ogmante peman lè siplemantè pou enfimye, LPN (Enfimye Oksilyè Otorize), asistan medikal ak lòt anplwaye ki elijib

Gouvènè Kathy Hochul te anonse jodi a lansman yo pwogram pilòt pou bay enfimye ak lòt pwofesyonèl swen sante enpòtan ki travay dirèkteman ak pasyan epi anplwaye lopital yo nan lopital State University of New York yo jiska de fwa edmi lè siplemantè yo, ki nòmalman nan yon fwa edmi peman an. Pèsonèl nan twa lopital SUNY elijib pou patisipe: SUNY Downstate Health & Sciences, Stony Brook University Hospital ak Upstate University Hospital. Avantaj la retwoaktif pou 16 septanm epi ka otorize pou enfimye otorize, enfimye oksilyè lisansye, teknisyen, asistan medikal, oksilyè, netwayè ak lòt manm pèsonèl ki travay dirèkteman ak pasyan, epi pral fonksyone jiska fen 2021 kote enpak la pral evalye. Konbine, SUNY anboche 7,637 manm pèsonèl medikal ki elijib pou pwogram pilòt la.

"Ewo swen sante Eta New York yo te travay san pran poz epi te mete lavi yo andanje pandan pandemi terib sa a, epi yo ta dwe jwenn bon konpansasyon pou efò yo", **Gouvènè Hochul te deklare.** "Akò vital sa a pral ogmante peman lè siplemantè pou pwofesyonèl swen sante nou yo ki te fè lè siplemantè nan lopital SUNY yo epi ede rekonèt yo pou sèvis piblik yo. Nou dwe pwofesyonèl swen sante yo epi anplwaye lopital ki te kenbe pòt yo ouvri yon gwo dèt gratitud pou travay yo pandan pandemi sa a epi sa pral fè New York fè yon ti pa nan bon direksyon pou konpansasyon".

Finansman pou lè siplemantè pral bay apati revni operasyon lopital yo. Eta New York pral pran plis mezi pou sipòte pwofesyonèl swen sante yo nan lavni apre akò sa a pou asire nou rekonèt travay vital pwofesyonèl swen sante nou nan tout enstalasyon yo.

Chanselye SUNY an, Jim Malatras, te deklare, "Pèsonèl medikal ak lopital SUNY nou an te nan premye liy ak kouraj pou konbat kriz COVID la depi nan kòmansman epi toujou kontinye batay san pran souf ak ewoyik yo chak jou pou pasyan y ap sèvi yo epi nou dwe fè tout sa nou kapab pou kenbe mendèv nou an. Ewo swen sante nan lopital nou yo reprezante pi bon pati nan SUNY epi avèk ogmantasyon nan lè siplemantè sa a, nou pral kontinye voye yon gwo mesaj angajman pwofon nou anvè pwofesyonèl swen sante nou yo. Mwen remèsye Gouvènè Hochul pou sipò konstan li anvè pèsonèl swen sante

devwe ak san pran souf nou an, ansanm ak ekip sou relasyon anplwaye nan eta a, reprezantan sendika, ak lidèchip lopital nou an nan pèmèt sa rive",

Prezidan CSEA a, Mary E. Sullivan te deklare, "Akò sa a rekonèt devouman kontinyèl pwofesyonèl esansyèl sa yo nan pandemi sa, ak lè sipleman tè imedya ki pral nesèsè akòz egzijans vaksinasyon an. Konpansasyon lè sipleman tè adisyonèl la byenvini pou tout anplwaye yo ki kontinye bay sèvis ki nesèsè nan moman difisil yo ak kontinye satisfè angajman yo anvè moun New York yo. Nou rekonesan dèske Gouvènè Hochul te kòmanse chanjman sa a nan rekonèt moman difisil sa yo epi nan pran devan pou pèmèt eta nou an rekipere. Pandan gen anpil bagay ki pou fèt, nou konfyan ke nan travay nan tèt ansanm avèk Egzekitif la gen bokou plis bagay ki kapab fèt. Se sètènman yon etap nan bon direksyon an."

Prezidan PEF la, Wayne Spence, te deklare, "Enfimyè PEF yo ak lòt pwofesyonèl swen sante yo riske lavi yo chak jou pou trete pasyan ki gen COVID-19 yo. Ogmante to lè sipleman tè yo se yon ti pa nou kapab fè pou rekonpanse sakrifis yo. Mwen ta renmen remèsye Gouvènè Hochul ak chanselye Malatras pou patenarya yo avèk PEF pou rive fè kontra sa a. Nou dwe fè tout sa nou kapab pou konpanse ak kenbe kòm sadwa fonksyonè piblik devwe sa yo nan mitan yon pandemi lè konpetans yo pi enpòtan ke jamè".

###

Lòt nouvèl disponib sou sit www.governor.ny.gov
Eta New York | Chanm Egzekitif | press.office@exec.ny.gov | 518.474.8418

[ANILE ENSKRIPSYON OU](#)